



FAQ pou Mete Tibebe Dòmi an Sekirite

Tit Politik : Mete Tibebe Dòmi an Sekirite

Nimewo Politik: FO-26-05

Dat li Pibliye: 9 Septanm, 2026

Dat li An Vigè: 1ye Novanm, 2026

Lyen Politik la: [Mete Tibebe Dòmi an Sekirite Politik](#)

KESYON YO POZE SOUVAN (FAQ)

Q. Ki kalite lèn yo ka itilize pou tibebe?

A. Pa gen okenn kalite lèn ki ka itilize pou timoun ki poko gen 12 mwa pou dòmi. Règleman sa a an liy ak dènye rechèch ak rekòmandasyon Enstiti Nasyonal Sante ak Akademi Pedyatri Ameriken ki konseye pou timoun dòmi nan yon kabann tibebe vid san okenn lèn ki kouvri li. Kalite pijama ki fèt tankou dra oswa sak dòmi se yon bon altènativ nan plas yon lèn, depi yo pa gen pwa lou/depi yo pa gwo epi yo pa anpeche timoun nan fè mouvman.

Q. Kisa ki yon krèch tibebe, yon bèso, yon bèso pòtab, etc..ki "apwouve" ye?

A. Nenpòt ekipman pou dòmi yo itilize dwe apwouve pa Komisyon Sekirite Pwodui Konsomatè Etazini (U.S. Consumer Product Safety Commission). Tout pwogram dwe pare pou prezante dokiman ki pwouve kabann ti bebe yo satisfè nòm yo (nòm 16 CFR 1219 pou kabann gwo estanda oswa nòm 16 CFR 1220 pou kabann ki pa gwo estanda). Remak: apati 28 jen 2011, tout kabann ti bebe yo te fabrike oswa yo te ofri pou vann, lwe, oswa revann te oblije satisfè nouvo nòm pou kabann ti bebe yo. Kabann yo dwe gen ba pwoteksyon ki espase pa plis pase 2 $\frac{3}{8}$ pous youn ak lòt. Matla a dwe fèm epi byen sere nan kabann nan, nan ti kabann pòtab la, elatriye. Espas ki genyen ant kwen matla a ak kabann nan pa dwe depase lajè de dwèt yon granmoun. Matla a dwe gen yon dra ki byen sere sou li. Yo pa gen dwa itilize kousen pwoteksyon (bumper pads) nan kabann nan.

Q. Pandan konbyen tan mwen ka itilize yon bèso pou dòmi?

A. Yo dwe sispann itilize bèso a pou timoun nan kouche lè tibebe a gen 5 mwa, lè li depase limit pwa manifakti/fabrikatè a fikse a, oswa lè tibebe a kòmanse deplase ak vire san asistans (kèlkeswa sa k rive an premye).

Q. Èske mwen ka itilize yon bèso ki balanse pou tibebe yo dòmi?

A. Yon bèso tibebe ki balanse (yon balansin pou tibebe ki fèt pou yon timoun ki kouche plat nèt) ka itilize pou dòmi depi sifas la rete plat nèt ni lè l ap deplase ni lè l ap kanpe. Tibebe k ap itilize balansin nan pa dwe depase limit longè oswa pwa manifakti/fabrikatè a rekòmande. Itilizasyon tout lòt balansin pou tibebe pou dòmi entèdi.

Q. Konbyen tan mwen ka itilize yon bèso pou mete yon timoun kabicha?

A. Ou pa dwe mete timoun piti nan yon bèso pou yo dòmi depi timoun nan kapab monte soti ladan l poukont li. Anjeneral, timoun ki mezire 35 pous wotè ak/oswa ki gen ant 18 a 30 mwa ka monte sou bò baraj bèso a epi yo ta dwe deplase al sou yon lòt sifas pou dòmi. Anvan timoun yo rive nan laj sa a, matla bèso a ta dwe desann nan yon nivo pi ba pou pwoteje yon tibebe ki kapab pouse tèt li sou men ak jenou l, chita oswa kanpe. Anplis de sa, yo ta dwe sèvi ak bèso sèlman pou fè ti dòmi epi yo pa dwe sèvi avèk yo pou "kenbe" oswa "konfine" yon timoun piti pou konvenyans anplwaye yo.

Q. Kilè mwen ka fè yon timoun kòmanse dòmi sou yon nat/ti matla?

A. Règleman EEC egzije pou timoun ki soti nan nesans jiska 15 mwa yo mete yo nan kabann endividyèl, kabann pòtab, krèch jwèt oswa bèso pouf è ti dòmi/kabicha. Kòm yon règ jeneral, timoun yo ka transfere sou yon nat/ti matla oswa lòt sifas pou dòmi ki apwouve pou kabicha/ti repo lè yo gen 15 mwa.

Q. Kisa edikatè yo ta dwe fè lè yon tibebe tonbe dòmi pandan yo deyò?

A. Edikatè yo pa ta dwe deranje aktivite pwogram yo si yon tibebe tonbe dòmi pandan li deyò, si li an sekirite nan yon chèz pousèt ki ka panche, kreyé yon sifas dòmi plat ak solid. Yo dwe toujou swiv tout pwosedi yo, tankou pa vlope tibebe yo twòp nan pousèt yo nan sezon fred, asire yo pa twò cho nan sezon ete, asire yo anba sipèvizyon, epi asire anyen pa entèfere ak respirasyon yo (senti pousèt la byen sere men pa twò sere, pa gen kouvèti oswa objè mou nan pousèt ak tibebe; tibebe a pozisyon pou li ka respire lib). Yo dwe deplase tibebe a nan yon anviwònman dòmi ki an sekirite imedyatman apre yo fin retounen nan espas pwogram ki gen lisans lan.

Q. Kisa yon edikatè ta dwe fè si yon paran depoze yon tibebe nan yon chèz machin epi li di tibebe a fèk tonbe dòmi? Èske edikatè a dwe retire rad sou tibebe epi mete tibebe a nan yon kabann?

A. Si yon paran depoze yon tibebe nan yon chèz machin, edikatè a dwe mete tibebe a nan yon kabann, yon bèso oswa yon kabann pòtab. Edikatè a dwe asire ke tibebe a pa twò cho abiye pou anviwònman andedan kay la epi retire nenpòt rad ki ka lakòz li trangle oswa toufe.

Q. Si tibebe a tonbe dòmi nan yon balansin, èske li oke pou kite l la?

A. Non. Si yon tibebe tonbe dòmi nan yon balansin, yo dwe deplase tibebe a imedyatman nan yon bèso tibebe, yon ti kabann tibebe oswa yon bèso tibebe ki pòtab.

Q. Si yon tibebe vire sou tèt li, èske edikatè a ta dwe remete tibebe a nan plas li? sou do yo?

A. Yon fwa yon tibebe kapab vire sou tèt li, yo pa ta dwe vire l tounen. Pandan ti dòmi an. Edikatè a ta dwe dokimante lè timoun nan premye kapab vire poukont yo. Edikatè a dwe toujou mete tibebe a sou do pou li dòmi okòmansman epi yo dwe suiv tout lòt règleman sou fason pou mete timoun dòmi an sekirite yo.

Edikatè a dwe asire ke tibebe a pase ase tan ap woule sou vant li pandan y ap siveye li lè li reveye epi vijilan pou tibebe a ka devlope kontwòl tèt li ak kou li kòmsadwa epi vin alèz ak pozisyon sa a.

Q. Kisa yon edikatè ta dwe fè si yon paran pote yon jwèt espesyal pou dòmi?

A. Edikatè a dwe pataje pratik pwogram nan pou diminye risk SIDS ki entèdi jwèt, jwèt zannimo, dra mou oswa nenpòt lòt materyèl mou nan kabann tibebe, bèso, kabann pòtab, elatriye. Yon edikatè ka itilize jwèt espesyal pou soulaje/rekonfòte tibebe a anvan li dòmi.

Q. Si tibebe a krache nan tétin nan pandan li ap dòmi, èske mwen bezwen retire li?

A. Yon tétin ki pa gen konpozan anplis pa bezwen retire nan espas tibebe a dòmi an si li krache/bave. Tétine ki gen konpozan siplemantè, sa ki enkli men pa limite a sa sèlman, atachman tankou klip nan rad tibebe a, pèl, ti kouvèti, oswa jwèt mou/nounous, ak konpozan entegre tankou senti, kòd oswa fil atachman, sa yo pa dwe nan espas tibebe a dòmi an.

Q. A ki distans kabann tibebe yo, bèso yo ak kabann pòtab yo dwe ye youn ak lòt?

A. Yo dwe omwen 2 pye apa, oswa dwe gen yon distans omwen 3 pye ant figi timoun yo pandan y ap repoze oswa dòmi (Gade 606 CMR 7.11(13)(d)(4)a).

Q. Èske jimo/marasa yo ka pataje yon bèso?

A. Non, chak tibebe dwe dòmi nan pwòp kabann ti bebe li, bèso pòtab li, bèso jwèt li, oswa bèso li, kèlkeswa fason fanmi an fè yo dòmi lakay yo.

Q. Èske mwen ka vlope tibebe yo nan pwogram mwen an?

A. Non, yo pa dwe anvlòpe tibebe yo pandan y ap nan gadri. Prèy yo montre ke vlope yon tibebe ki pa abitye ak sa ka diminye repons eksitasyon li, e konsa ogmante risk li pou SIDS. Si yon tibebe ki vlope vire sou akote, risk pou ltoufe oswa pou l mouri toudenkou ogmante. Anvlope li ka lakòz tibebe a twò cho epi li ka enpeche devlopman anch li.6.

**Q: Èske yon tibebe ka mete akseswa pou cheve pandan l ap dòmi ?
(egzanp : bandwo, ne, barèt)**

A: Non. Edikatè yo dwe retire akseswa pou cheve yo anvan yo plase yon tibebe nan anviwònman somèy an sekirite a. Akseswa pou cheve yo, tankou bandwo, riban pou cheve, oswa barèt, prezante yon risk antòtiyman oswa etrangleman.